



Pou Piblikasyon Imedya: 08/03//2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LÒT ASISTANS GRATIS POU RANPLI
DEKLARASYON TAKS NAN ETA NEW YORK**

***Aktivite yo Prewa pou Vil New York, Rejyon Kapital la, NY Santral, Rejyon Nò,
Long Island ak Lwès NY***

***92 Pousan Tout Deklarasyon Taks sou Revni Pèsonèl nan New York Ranpli Pa
Mwayen Elektwonik.***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a lòt aktivite èd pou ranpli deklarasyon taks gratis nan Eta New York. Nan aktivite sa yo, volontè nan Depatman Kontribisyon (Tax Department) lan ap disponib pou ede kontribab ki gen ti revni ak revni mwayen yo ranpli deklarasyon taks yo anliy gratis anvan dat limit 18 Avril la. Depi sezon taks la kòmanse nan mwa Janvyè, Depatman Kontribisyon an te kolabore avèk divès òganizasyon pou ofri asistans pou ranpli deklarasyon taks a plizyè milye kontribyab nan [54 kote](#) nan tout Eta New York.

Gouvènè Cuomo te di: “Aktivite sa yo ap ede asire ke Nouyokè k ap travay di yo gen aksè a èd ak resous yo bezwen pou ranpli deklarasyon yo kòrèkteman epi alè. Mwen ankouraje tout moun ki kalifye pou sèvis sa pou patisipe nan aktivite pou ranpli ki toupre lakay yo a epi pwofite de èd gratis sa nan sezon taks sa.”

Kontribiyab New York ki gen revni brit ajiste ki se 64,000 dola oswa pi piti pou ane 2016 la kalifye pou yo ranpli fòm taks yo gratis pandan aktivite sa yo, gras a yon lojisyèl sou entènèt. Lojisyèl taks la ap ede redui erè epi asire ke moun reklame kredi enpòtan, tankou ranbousman kredi Taks sou Revni yo (Earned Income Tax credits). Pousantaj erè ki fèt lè moun ranpli taks yo sou entènèt 20 fwa pi ba pase lè moun ekri sou papey; li pran mwens tan pou trete epi pou ranbouse.

Pou founi sèvis sa a plis Moun New York, Gouvènè Cuomo te planifye lòt aktivite pou ranpli nan Vil New York, Rejyon Kapital, New York Santral, Rejyon Nò, Long Island, Lwès New York. Anplwaye Depatman Kontribisyon yo ap nan chak aktivite yo pou reponn keksyon sou lojisyèl lan epi ede kontribab yo.

Vil New York

Samdi, 11 Mas

10 a.m. – 4 p.m.

Opportunities for a Better Tomorrow
280 Wyckoff Avenue
Brooklyn, NY 11237

Lendi, 3 Avril

10 a.m. – 4 p.m.

Brooklyn Public Library – Dekalb Branch
790 Bushwick Avenue
Brooklyn, NY 11221

Long Island

Vandredi, 31 Mas

10 a.m. – 4 p.m.

Huntington Opportunity Research Center
1264 New York Avenue
Huntington Station, NY 11746

Rejyon Kapital

Samdi, 25 Mas

9 a.m. – 5 p.m.

Empire State Plaza Concourse
Albany, NY 12210

NY Santral

Mèkredi, 22 Mas

10 a.m. – 4 p.m.

Cortland Free Library
32 Church Street
Cortland, NY 13045

Jedi, 23 Mas

10 a.m. – 4 p.m.

Huntington Memorial Library
62 Chestnut Street
Oneonta, NY 13820

Madi, 28 Mas

1 p.m. – 7 p.m.

Southeast Steuben County Library
300 Nasser Civic Center Plaza
Corning, NY 14830

Rejyon Nò

Mèkredi, 5 Avril

10 a.m. – 4 p.m.

Ogdensburg Public Library
312 Washington Street
Ogdensburg, NY 13669

Jedi, 6 Avril

10 a.m. – 4 p.m.

Plattsburgh Public Library
19 Oak Street
Plattsburgh, NY 12901

Rejyon Lwès NY

Jedi, 30 Mas

1 p.m. – 7 p.m.

Olean Public Library
134 North Second Street
Olean, NY 14760

Delege Fiskalite ak Finans Enterimè a, Nonie Manion te di: “Sèvis gratis sa bay Nouyokè ki gen ti revni yo èd yo bezwen pou ranpli taks yo nan fason ki kòrèk epi alè. Mwen ankouraje kontribyab yo konsidere patisipe nan youn nan divès aktivite gratis nou yo atravè eta a pou genyen opinyon ekspè volontè Depatman Kontribisyon nou an.”

Kontribyab ki kalifye yo ka ede asire yon eksperyans pou ranpli ki reyisi lè yo pote dokiman kòrèk yo avèk yo nan aktivite ranplisaj gratis sa, ki enkli yon kopi deklarasyon taks ane pase yo, pèmi kondwi oubyen kat idantifikasyon eta a emèt, Fòmilè W-2 ak nimewo Sekirite Sosyal yo. Verifye yon lis dokiman konplè pou pote sou sit entènèt Depatman Kontribisyon an nan www.tax.ny.gov/fsa.

Kontribyab ki gen revni bri ki ajiste ki se 64.000 dola oswa pi piti e ki pa ka ale nan yon aktivite gratis, ka jwenn aksè a lojisyèl gratis la sou www.tax.ny.gov pou ranpli deklarasyon taks federal ak taks eta yo gratis (chèche: free file [fichye gratis]).

Depatman Kontribisyon ofri yon sistèm ki an sekirite e ki kode pou pwoteje enfòmasyon pèsonèl ak konfidansyèl moun k ap ranpli taks li a. Yon lòt kote, deklarasyon papye ak enfòmasyon sansib yo genyen yo ka pèdi oubyen yo ka vòlè yo. Anplis, lè kontribyab yo ranpli sou entènèt lakay yo ou oubyen nan youn nan kote yo ranpli gratis yo, y ap ede asire deklare kredi ak dediksyon yo ka elijib pou yo a.

###